

Nou konnen ke ou pran swen de kijan enfomasyon ki gen a we ak ou yo itilize e pataje, e nou apresye konfyans ke ou plase nan nou an, e nou pral fe tout sann pral fe yo ak swen e sansibilite. Dokiman konfidansyalite sa dekri kijan Kwenpam.com ak afilye li yo kolekte e trete enfomasyon pesonel ou yo a trave sit web kwenpam lan ak tout sevis li yo ki referanse nan dokiman konfidansyalite sa. (Tout “ Sevis kwenpam yo”). itilize sevis kwenpam yo vle di kew konsanti a tout pratik ke nou dekri nan dokiman konfidansyalite sa.

- 1- Ki enfomasyon pesonel ke kwenpam kolekte sou kliyan li yo?
- 2- Nan ki objektif kwenpam itilize enfomasyon pesonel ou yo?
- 3- Apwopo de Cookies ak lot idantifyan yo?
- 4- Eske Kwenpam pataje enfomasyon pesonel ou yo?
- 5- Nan ki nivo enfomasyon m yo sekirize?
- 6- Apwopo piblisite nou yo?
- 7- ki enfomasyon m gen akse ak yo?
- 8- kisam genyen ki o chwa?
- 9- Eske timoun otorize pou yo itilize sevis kwenpam yo?
- 10- Pratik relatif e enfomasyon?
- 11- egzamp enfomasyon nou kolekte yo?

1-ki enfomasyon pesonel ke kwenpam kolekte sou itilizate li yo?

Nou kolekte enfomasyon pesonel ou yo nan lide poun founi ak ogmante kontinyelman kalite pwodui ak sevis nou yo.

Men tip enfomasyon pesonel nou kolekte yo:

- **Enfomasyon ou ban nou:**

Nou resevwa ak stoke tout enfomasyon ou founi nan relasyon w ak sevis Kwenpam yo. Klike [la](#) pouw we egzamp de sa nou kolekte. Ou ka chwazi founi non on seri de enfomasyon ladan yo, men ou pap ka jwi de tout avantaj ke plizye sevis ke kwenpam ofri yo.

- **Enfomasyon ke nou pan otomatik:**

Nou kolekte ak stoke yon fason otomatik on seri de enfomasyon sou fason wap itilize sevis kwenpam yo. Enkliyan enfomasyon sou enteraksyonw ak konteni e sevis ki disponib sou sevis ki disponib sou sevis kwenpam yo. Tankou anpil lot sit web, nou itilize Cookies ak lot idantifyan inik, e nou kenbe on seri tip enfomasyonle navigate web ou a oubyen le aparey ou a aksede ak sevis kwenpam yo. klike [la](#) pouw we egzanp de sa nou kolekte yo.

- **Enfomasyon de lot sous:**

Nou ka resevwa enfomasyon de ou de on lot sous, de miz a jou konpayi livraison nou yo fe e kek lot enfomasyon sou adres nou ke mesaje nou yo relve. Nou relve yo poun edew delivre oubyen jwenn pwodui ou yo pi rapid. klike [la](#)

2- Nan ki objektif kwenpam itilize enfomasyon pesonel ou yo?

Nou itilize enfomasyon pesonel ou yo poun opere, founi, devlope, e ogmante kalite pwoduit ak sevis nap ofri itilzate nou yo. Objektif sa yo gen ladan:

- **Achat ak livrezon pwodui ak sevis yo.**

Nou itilize enfomasyon pesonel ou yo poun pran ak jere komand ou yo, livre pwodui ak sevis yo, trete peman ou yo e kominike avek ou sou komand ou yo, pwodui ak sevis wap ofri yo.

- **Founi, depane, ak ogmante kalite sevis kwenpam yo.**

Nou itilize enfomasyon pesonel ou yo poun founi fonksyonalite, analize pefomans, korije ere e ogmante kalite konvivialite ak efikasite sevis kwenpam yo.

- **pou rekomandasyon ak pesonalizasyon.**

Nou itilize enfomasyon pesonel ou yo pou nou ka rekomandew on seri de fonksyonalite, pwodui ak sevis ki ka byen enteresew, idantifye preferans ou ak pesonalize eksperyans ou ak Sevis kwenpam yo.

- **Konfome nou ak obligasyon legal.**

Nan on seri de ka, nou kolekte e itilize enfomasyon pesonel ou yo konfomeman ak la lwa. pa egzanp nou kolekte bo kote moun kap vann yo enfomasyon sou kote yap vann nan ak enfomasyon sou kont moncash yo pou nou ka rive verifye idantitel ak lot verifikasyon anko.

- **Kominike avew.**

Nou itilize enfomasyon pesonel ou yopoun kominike avew nan kad relasyon ou ak sevis kwenpam yo a trave diferan channel (tankou., telefon, imel, chat).

- **Piblisite.**

Nou itilize enfomasyon pesonel ou yo poun afiche piblisite ki baze sou enteret pou fonksyonalite, pwodui ak sevis ki ka byen enteresew. Nou pa itilize enfomasyon ki idantifyew pesonelmanpoun afiche piblisite ki baze sou entere. Pou konn plis, svp li dokiman [piblisite ki baze sou enteret](#)

- **Prevansyon kont frod ak konfli.**

Nou itilize enfomasyon pesonel ou yo poun fe prevansyon ak detekte fraud ak abi nan komand yo, on fason poun ka garanti sekirite itilizate nou yo, Sevis Kwenpam yo ak lot anko. nou ka itilize tou nan kad on mezantant ant 2 itilizate ou yon itilizate ak kwenpam.

3-Apwopo de Cookies ak lot idantifyan yo?

Pou Pemet system nou yo rekonet navigate ou aoubyen aparey ou a, Founi ak amelyore sevis kwenpam yo, nou itilize Cookies ak lot idantifyan. pou plis enfomasyon sou Cookies ak fason nous itilize yo li [Dokiman nou an sou Cookies yo](#)

4- Eske Kwenpam pataje enfomasyon pesonel ou yo?

Enfomasyon sou itilizate nou yo se yon pati enpotan nan biznis nou an, e nou pa nan biznis vann enfomasyon pesonel itilizate nou yo ak lot biznis. Nou pataje enfomasyon pesonel itilizate yo selman jan nou dekri sa anba e avek patne kwenpam yo ki respekte dokiman konfidansyalite

sa oubyen ki swiv pratik ki o mwen protektris ke Dokiman konfidansyalite sa.

- **Tranzaksyon ki enplike patisipasyon lot moun.**

Nou rann disponib a ou sevis, pwodui, aplikasyon, oubyen konpetans ke lot enstans oubyen lot moun pwodui pou itilize sou oubyen atrave sevis kwenpam yo. Pa egzanp tout pwodui ou komande yo soti de lot moun ki pa nan kwenpam atrave sit web nou yo. Nou ofri tout sevis etwatman ak lot biznis, nou ko-jere zafe peman ak livrezon ak lot konpayi. Ou ka di nou kile on lot moun enplike nan tranzaksyon ou an, e nou pataje enfomasyon pesonel itilizate a ki relatif ak tranzaksyon li an avek lot moun ou biznis sa.

- **Proteksyon Kwenpam ak lot patne li yo.**

Nou anile kont ak lot enfomasyon pesonel len kwen ke anile yo se meye fason poun konfom ak sa la lwa di, ak pemet nou ranfose oubye aplike [tem ak kondisyon nou yo](#) ak lot ako nou genyen oubyen proteksyon dwa propriyete, site Kwenpam, itilizate nou yo ak lot anko. Sa enkli echanj enfomasyon ak lot konpayi ak oganizasyon pou proteksyon kont fraud ak diminye sou kredi ki riske yo.

Si gen lot bagay ki pa ta mansyone anle a, ou ap resevwa on notifikasyon le enfomasyon pesonel ou yo dwe pataje avek lot moun oubyen biznis, e ou ap gen opotinite chwazi pouw pa pataje enfomasyon yo mande w yo.

5- Nan ki nivo enfomasyonm yo sekirize?

Nou monte system nou an avek sekiritew ak konfidasyalitew nan lespri nou.

- Nap travay pou proteje sekirite enfomasyon pesonel ou yo pandan wap transmet nou yo atrave itilizasyonn fe de protokol kripte yo ak lot logisyel.

- Nou bay garanti fizik, elektwonik ak sou tout pwosedi ki gen rapo ak kolekte, stoke ak divilge enfomasyon pesonel kliyan nou yo. Pwosedi sekirite nou yo vle di ke nou kapab okazyonelman mandew yon prev idantite avann divilge enfomasyon pesonel.
- Aprey nou yo ofri anpil fonksyonalite sou sekirite pou edew pwoteje kont akse ki pa otorize ak pouw pa pedi donne. Ou ka kontwole fonksyonalite sa yo e konfigire yo en fonksyon de bezwen yo. Klike [la](#) pou plis enfomasyon sou jesyon paramet sekirite apre yon a.
- Li enpotan anpil pou ou pwoteje akse ki pa otorize ak modpas e ak odinate ou, apre yon ou ak aplikasyon ou an. Asirew byen kew dekonekte lew finn itilize kwenpam sou on odinate ki pataje. Klike [la](#) pouw konn plis enfomasyon sou kijanw ka dekonekte.

7- A ki enfomasyon m ka aksede?

Ou ka aksede a enfomasyon ou yo, ki enkli nonw, adress ou, opsyon peman yo, enfomasyon sou pwofil ou ak istorik acha ou yo. nan seksyon “Kont mwen” sou sit web la. Klike [la](#) pouw we lis de tout saw ka gen akse ak yo.

8- Kisam genyen ki o chwa?

Siw gen nimpot kesyon tankou koman nou kolekte ak itilize enfomasyon pesonel ou yo, Tanpri kontakte [Sevis kliyantel nou an](#). Anpil nan Sevis kwenpam nou yo genyen tou on paramet ki founi ou avek yon opsyon sou kijan enfomasyon ou yo itilize.

- Men jan nou te dekri sa anle a, ou ka chwazi pa founi on seri de enfomasyon, men ou pap ka jwi avantaj anpil nan sevis kwenpam ofri yo.
- Ou ka ajoute oubyen mete ajou on seri de enfomasyon sou paj nou yo jan sa di nan pati “[A ki enfomasyon m ka aksede?](#)” Lem mete enfomasyon yo ajou, nou abityelman kenbe on kopi de vesyon avan pou avansman nou.
- Siw pa vle resevwa imel oubyen lot kominikasyon de nou, silvouple ajiste [preference kominikasyon kliyan ou](#) siw pa vle

resevwa notifikasyon aplikasyon nou yo silvouple ajiste paramet notifikasyon nan app la oubyen nan aparey ou a.

- Si ou pa bezwen we piblisite baze sou enteret silvouple ajiste [Preferans piblisitew](#).
- Pati ed fonksyonalite sou majorite navigate ak aparey ap diw kijan pouw fe navigatw la oubyen aparey ou a fe prevansyon kont akseptasyon nouvo Cookies ak lot idantifyan yo, kijan pow gen on notifikasyon de navigate ou a lew resevwa on nouvo Cookies, oubyen kijan pouw bloke Cookies yo ansanm. Paske Cookies yo pemet ou jwenn on seri de avantaj sou on seri de fonksyonalite esansyel nan sevis Kwenpam yo. Nou rekomandew pouw kite yo ouve.

Eske timoun otorize pou yo itilize sevis Kwenpam yo?

Kwenpam pa bay timoun dwa pou vann ak achte. Men on timoun ki gen mwens ke 18 tan ka itilize sevis kwenpam yo selman sil akonpanye oubyen otorize pa paranl oubyen moun ki responsab li a. Nou pa kenbe okenn enfomasyon sou timoun ki gen mwens ke 18 tan san konsantman paranl oubyen moun ki responsab la depi nou remake sa.

Enfomasyon nou kolekte yo?

Enfomasyon ou ban nou lew ap itilize sevis Kwenpam yo.

Ou Founi nou enfomasyon yo lew ap itilize sevis sa yo:

- kreyasyon on kont
- Setifikasyon kont
- kreyasyon boutik oubyen mete on pwodui
- mwayen kominikasyon nou yo pou kominike ak ekip kwenpam lan.
- fomile nou yo.

- sistem siyalizasyon nou an.

Lew poze aksyon sa yo ou ap gen pou founi nou enfomasyon tankou:

- Enfomasyon sou idantifikasyon w (nonw, adres ou, nimewo telefonn.
- enfomasyon sou moyen wap itilize pou peye nou
- laj ou
- enfomasyon sou kote ou ye
- adres IP aparey ou a
- nimewo telefon ki sou kontak ou
- adres imel ou, fotografi ou
- foto pyes idantitew

Enfomasyon ken pran otomatik

Egzanp enfomasyon nou kolekte otomatik:

- Adres ou sou rezo entenet wap itilize a
- enfomasyon sou enteraksyonw ak konteni nou yo, tankou kategori ou vizite plis yo, vande ou achte plis nan menl lan, pwodui ou achte plis yo, pwodui ou vann plis yo.
- le ak fizo ore ou
- kotew klike sou site la

Nou dwe tou itilize aparey idantifyan, Cookies, ak lot teknoloji sou paj web nou yo poun kolekte enfomasyon sou kijanw navige sou paj web nou yo, kijanw itilize yo ak lot enfomasyon teknik.

Enfomasyon ki soti nan lot sous

Egzanp enfomasyon nou kolekte ki soti nan lot sous:

- miz a jou livrezon ou ak lot enfomasyon sou adres ou

- enfomasyon sou piblisite wap fe yo
- enfomasyon sou jan ou peye yo